



Cò ponpye, Vil New York
EDIKASYON SOU SEKIRITE KONT INSANDI

BOUJI

SEKIRITE KONT INSANDI

Dife bouji mete ap ogmante. Alòske lòt rezon ke dife pran nan kay ap diminye, pousantaj dife ki pran akòz bouji ogmante twa fwa plis nan dis ane ki sot pase yo.

Yo te ka evite dife ke bouji sa yo mete!



Kòman yon ti flanm kap vinn danjere konsa?

Plis ke 33% dife ke bouji mete fèt lè yo pa veye bouji yo, oswa yo bliye yo. A pe prè 25% dife yo pran paske yon bagay ki konbistibe tankou rido oswa papye te trò pre flanm la. Twaka nan moun ki mouri akòz dife bouji mete nan kay,

te gen mouins ke 20 an, pi gwo kantite viktim yo te gen ant 5 a 9 an.



BOUJI YO PA VEYE = DANJE DIFE

Lis pou verifiye sekirite bouji

Si ou limen yon bouji pou dekorasyon oswa paske yon seremoni ap fèt, Fè de kwa aske kay ou plis an Sekirite:



- ✓ Pou pwoteje bouji a sèvi ak glòb oswa abajou ki pa konbistib ni ki paka pran dife.
- ✓ Pou kinbe bouji ya sèvi ak yon bon metal owas yon bagay ki fèt an seramik oubyen vit.
- ✓ Evite sèvi ak bouji ki gen bagay oswa dekorasyon sou yo ki ka pran dife.
- ✓ Mete bouji a o mwin 4 pie pi loin pase rido, dekorasyon, blins ak kabann.
- ✓ Mete bouji a kote ti moun piti ak bèt somestik paka rive.
- ✓ Evite sèvi ak bag flè pou dekore bouji ki gen oswa lòt lòt kalite dekorasyon.
- ✓ Etenn bouji a anvan ou kite piès la.
- ✓ Etenn bouji a yon fwa li finn brile a de santimèt distance ak bagay ki ap kinbe l la.
- ✓ Pa janm kite yon bouji limen san pèsonn pap veye li.

Toujou plase bouji yo on kote timoun pa ka rive, et pa kite tinedjè mete bouji nan chanm yo.

AN KA IJANS, PA SÈVI AK BOUJI POU KLÈRE KAY OU.

Twa ka nan moun ki mouri nan insandi ke bouji se lakòz, tap sèvi ak yo pou klere kay lè blakaout.

- Toujou pare, toujou gen flash ak pil sou la men lakay ou.
- Mete yon flash sou la men nan kizin ak twalèt.
- Se pou w toujou genyen you flash nan machinn ou e yon piti sou ou.

ALAM POU LAFIMEN SOVE VI

ALAM POU KARBON MONOXID SOVE VI

ALAM POU LAFIMEN SOVE VI

Yon mesaj sekirite piblik kont insandi ke cò ponpye new york city voye

**FD
NY**

MISYON NOU SE SEKIRITE W

AP SÈVI NEW YORK AK FIÈTE DEPI 1865

